



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SISPANSYON FÈMTI VWA KI GEN RAPÒ AK
KONSTRIKSYON YO PANDAN OGMANTASYON NAN VWAYAJ POU JOU FÈT YO**

AAA prevwa ogmantasyon 34 poustan nan vwayaj yo pa rapò ak 2020

P ap gen okenn fèmti vwa ki pa esansyèl pandan peryòd vwayaj chaje yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke fèmti tanporè vwa yo pou pwojè konstrikson wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo pral sispan soti jedi 23 desanm nan 6 a.m pou rive nan lendi 27 desanm nan 6 a.m. Konstriksyon yo pral sispan tou soti jedi 30 desanm nan 6 a.m. pou rive lendi 3 janvye nan 6 a.m. pou kapab fasilité deplasman pou otomobilis yo.

Chofè yo dwe okouran ke kèk travay ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans. Sispansyon konstriksyon yo alien avèk Inisyativ Chofè An Premye (Drivers First) Eta New York la, ki priyorize komodite otomobilis yo pou minimize anboutejaj nan sikilasyon an ak reta nan deplasman yo akòz travay sou pon ak wout yo.

"Nou nan mitan youn nan peryòd vwayaj ki pi chaje yo nan ane a epi nou vle asire tout Nouyòkè yo kapab rive nan destinasyon yo an sekirite ak san reta, pou yo ka pwofite sezon fèt la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan lide sa, n ap sispan konstriksyon sou wout yo nan eta a pou ede fasilité sikilasyon pandan moman sa a. Mwen swete tout Nouyòkè yo yon sezon fèt mèveye epi raple yo pou kondui yon fason responsab ak ede yo asire se yon moman lajwa ak sekirité pou tout moun".

Dapre [AAA](#) plis pase 109 milyon moun pral vwayaje pandan sezon fèt sa a, sa ki se yon ogmantasyon prèske 34 poustan pa rapò ak 2020. Sa pral mete chif yo ane sa a nan 92 poustan nivo 2019 yo.

Gouvènè a raple otomobilis yo ke fòs lapolis eta ak lokal yo ap patisipe nan kanpay nasional "[Drive Sober or Get Pulled Over](#)" (Kondwi San Ou Pa Sou oswa Kite Yo Kanpe Ou), ki ap òganize jiska 1 janvye 2022. Otomobilis yo ka atann yo a wè pwen verifikasyon sou eta sobriyete yo ak plis Manm Patwouy Eta New York yo sou otowout yo pandan sezon vwayaj an vakans lan. Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta New York la pral kontinye ak tradisyon li an nan ofri kafe gratis ak te cho bay vwayajè yo nan

zòn sèvis yo sou Thruway lan soti 11 p.m. nan Reveyon Nouvèl Ane rive jiska 7 a.m. nan maten Nouvèl Ane pou ankouraje moun yo kondwi an sekirite epi ak an alèt.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyònman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondui yo. Tout espas pou rete pou voye tèks yo pral rete ouvri, epi ofri yon kote pou chofè yo kapab an tout sekirite epi ak tout komodite itilize telefòn yo ak lòt aparèy mobil pou fè apèl, voye tèks, navige sou entènèt epi aksede a aplikasyon mobil yo. Li patikilyèman danjere pou voye mesaj tèks pandan w ap kondui, poutèt sa egzije otomobilis la pou retire je li sou wout la, lage volan an epi dekonsantre sou kondui.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta New York, Matthew J. Driscoll, te deklare, "Sezon fèt la se youn nan peryòd vwayaj ki pi chaje yo nan ane a, epi sispann konstriksyon yo pandan wiken fèt la pral pèmèt otomobilis yo rive nan destinasyon yo pi rapid, avèk mwens reta. Nou egzòte tout otomobilis yo pou yo mete yo sou kote pou veyikil ijans ak antretyen yo wè sou wout la, rete an alèt epi kondui yon fason modere. Nou vle raple chofè yo tou ke akòz pwojè reyamenajman nan zòn sèvis la, 10 zòn sèvis fèmen nan Thruway pou renovasyon, kidonk, planifye arè ou yo kòmsadwa. Sèvis kabiran yo rete ouvri nan tout lokal yo, epi pa gen okenn zòn ki gen de sèvis konsekitif ki fèmen nan menm direksyon vwayaj la. Mwen swete tout Nouyòkè yo Jwayez Fèt ak Bòn Ane".

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Vwayaj panndan sezon fèt la kapab estresan epi Depatman Transpò a vle fè tout sa li kapab pou founi yon vwayaj san pwoblèm pou otomobilis yo ak pèmèt yo rive nan destinasyon yo avèk mwens deranjman posib. Nou swete tout moun yon sezon fèt nan lajwa ak an sante epi nou rekòmande tout moun k ap vwayaje pou yo fè sa an sekirite, nan asire ke lè yo sou wout la pou yon sonje mete senti sekirite, pote atansyon ak pa voye mesaj pandan y ap kondui. Ann travay ansanm pou nou asire tout moun rive nan destinasyon yo an sekirite".

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè nan New York (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Nou espere vwayaj tout moun nan sezon fèt sa san danje. Fè plan pou jwenn fason altènativ pou rive lakay oswa rete lannuit si ou konte selebre avèk alkòl epi veye pyeton yo pandan dènye jou sezon acha chaje sa a".

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Pandan vwayaj yo kòmanse sezon fèt sa a, Manm Patwouy nou yo ap pare pou fè pati pa yo a pou kenbe wout nou yo an sekirite. Nou rekòmande tout chofè yo pou yo fè pati pa yo nan mete aparèy elektwonik yo lwen, epi rete konsantre ak an alèt. Tanpri obeyi limit vitès yo epi respekte règ wout la. Epitou, sila yo k ap selebre sezon fèt sa a ta dwe fè sa an sekirite nan planifye davans oswa kondwi san bwè alkòl. Ansanm, nou ka pwoteje lavi epi anpeche blesi grav".

Otorite Thruway (Thruway Authority) ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resewva imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway.

Swiv Otorite Thruway sou Twitter [@NYSThruway](#) epi sou Facebook nan [New York State Thruway Authority \(Otorite Thruway nan Eta New York\)](#).

Vwayajè yo ka verifye [511NY](#) NYSDOT a anvan yo vwayaje. Pou yo fè sa, y ap rele 5-1-1, vizite sitwèb 511 an, oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la sou [iTunes](#) oswa [Google Play](#). Sèvis gratis la pral pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo, wè 2219 kamera sikilasyon epi relye a enfòmasyon ayeryen ak transpò. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondui (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout yo chwazi si gen aksidan osinon konstriksyon.

Swiv DOT Eta New York la sou Twitter [@NYSDOT](#) epi sou Facebook nan [New York State Department of Transportation \(Depatman Transpò Eta New York\)](#).

Depatman Veyikil a Motè a egzòte chofè yo pou yo itilize aplikasyon [Have a Plan](#) lan pou ede jwenn yon wout sekirize pou ale lakay yo lè yo soti nan yon selebrasyon kote yo ka te bwè alkòl. Aplikasyon gratis Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon NYS STOP-DWI la te mete disponib lan pèmèt itilizatè yo deziyen yon chofè, rele yon taksi oswa woulib an komen, epi revize konsekans ki genyen lè moun kondi nan kapasite afebli. Itilizatè yo ka menm itilize aplikasyon an pou rapòte yon chofè ki sou oswa ki dwoge. Aplikasyon an disponib pou telefòn entèlajan Apple, Android, ak Windows.

Swiv DMV sou Twitter [@NYSDMV](#) epi sou Facebook nan [New York State Department of Motor Vehicles \(Depatman Veyikil a Motè Eta New York\)](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418